



Kesyon Moun Poze Souvan Sou Child Tax Credit

1. Kisa Child Tax Credit la ye e kimoun ki ka reklame li?

Child Tax Credit (Kredi Taks pou Timoun) nan se yon benefis ki disponib pou tout paran ki gen pitit ki gen Social Security Number (Nimewo Sekirite Sosyal) e ki te gen mwens ke laj 17 lane nan fen lane 2020 an (ki fèt nan dat 1ye janvyè 2004 oswa apre dat sa a). Ane sa a, Child Tax Credit la disponib pou plis fanmi, ikonpri fanmi ki pat ranpli inkòm taks anvan.

2. Èske map gen pou m remèt lajan sa a?

Yo mete kèk pwoteksyon anplas kidonk ou pap gen pou remèt lajan sa a si revni w te fè nan 2021 mwens ke \$40,000 (\$60,000 pou koup marye e \$50,000 pou moun ki se chèf fwaye a). Nan leka kontrè, si w resevwa peman pou yon timoun ki pa sou responsabilite w ankò oswa si revni w vin chanje drastikman, ou ka gen pou remèt yon pati oswa tout lajan an.

3. Kijan pou m fè jwenn Child Tax Credit la e kisa m bezwen pou m reklame li?

Si w pa ranpli inkòm taks oswa si w pat resevwa chèk estimilis anvan, ou ka reklame Child Tax Credit ou a nan [GetCTC.org](https://www.getctc.org), ki se yon pòtay pou ranpli inkòm taks senplifye ke Code for America te kreye an kolaborasyon ak White House (Mezon Blanch) la e ak U.S. Department of Treasury (Depatman Trezò Etazini). Ou ka itilize l byen fasilman, li adapte pou aparèy mobil, epi li disponib nan lang Angle ak Panyòl.

Men sa wap bezwen:

- Social Security Number (Nimewo Sekirite Sosyal) pou pitit ou yo ak Social Security Number (Nimewo Sekirite Sosyal) oswa Individual Taxpayer Identification Number (Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl, ITIN) pa w (ak pa mari oswa madanm ou)
- Yon bon adrès postal
- Yon adrès imèl
- Opsyonèl: enfòmasyon sou kont labank ou (si w vle resevwa peman w lan nan depo dirèk, nan leka kontrè ou pral resevwa yon chèk)

4. Èske gen yon dat limit pou ka jwenn Child Tax Credit la?

Ou ka enskri w pou resevwa peman mansyèl yo atravè [GetCTC.org](https://www.getctc.org) jiska 15 novanm 2021. Sepandan, nou ankouraje fanmi ki kalifye yo pou yo enskri leplivèt ke posib. Lè w enskri byen bonè, sa pral bay IRS plis tan pou l travay sou enfòmasyon w lan epi lap ka kòmanse fè peman mansyèl yo. Ou pral oblije ranpli yon inkòm taks nan lane 2022 pou ka resevwa rès peman an.

5. Èske m ka resevwa Child Tax Credit la si m pa yon sitwayen ameriken?

Si pitit ou gen yon Social Security Number (SSN), sa vle di w kalifye pou resevwa peman Child Tax Credit yo. Paran yo pa oblije gen yon SSN, sepandan fòk yo gen yon Individual Taxpayer Identification Number (ITIN) pou yo ka reklame Child Tax Credit la pou pitit yo ki kalifye. Pou enskri w, annik ale nan pòtay [GetCTC.org](https://www.getctc.org) avèk yon Individual Taxpayer Identification Number (ITIN).



Kesyon Moun Poze Souvan Sou Child Tax Credit

Ou ka aplike pou yon ITIN pou ka resevwa peman Child Tax Credit yo. Sepandan ou pa ka itilize fòmilè pou moun ki pa ranpli inkòm taks yo nan [GetCTC.org](https://www.getctc.org). Depreferans, ou dwe ranpli yon aplikasyon pou yon ITIN ak yon papye inkòm taks pou 2020 epi voye yo ansanm bay IRS.

6. Si se mwen kap bay swen oswa si m se granparan kap okipe timoun yo, èske m ka resevwa benefis sa a?

Wi. Pouvike timoun nan gen laj 17 lane oswa li pi piti, pouvike w gen entansyon deklare timoun nan antanke timoun ki sou responsabilite w, e pouvike timoun nan rete avè w depi plis ke 6 mwa nan ane a, epi timoun nan pa responsab pou l bay plis ke mwatye lajan sipò li, ou kapab reklame peman Child Tax Credit pou yo.

7. Èske sa pral afekte lòt benefis piblik mwen yo tankou asirans sante, pwogram manje ak nitrisyon, ak lojman?

Non, lè yon moun resevwa peman Child Tax Credit, yo pa konsidere l kòm revni pou okenn fanmi. Sa pa pral chanje kantite lajan wap resevwa nan lòt benefis federal, ki gen ladan yo asirans chomaj, Medicaid, SNAP, SSI, SSDI, TANF, WIC, Section 8 oswa Lojman Piblik.

8. Si m resevwa Child Tax Credit, èske sa pral afekte kondisyon imigrasyon m oswa kapasite m pou m jwenn yon kat rezidans?

Non, lefèt ke w resevwa Child Tax Credit oswa lòt kredi taks ke w kalifye pou resevwa, sa pap afekte kondisyon imigrasyon w, ni kapasite w pou jwenn yon kat rezidans ni li pap afekte plan imigrasyon w nan lefeti. Lefèt ke w itilize kredi taks, U.S. Citizenship and Immigration Services (Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini) pa konsidere sa kòm yon "chaj piblik."

9. Kimoun mwen ka fè konfyans ki ka ede m reklame Child Tax Credit mwen an?

Sèl fason ou ka enskri w pou resevwa peman Child Tax Credit yo se pou ranpli yon inkòm taks pou 2020 avèk IRS oswa itilize fòmilè pou moun ki pa deklare taks nan IRS oswa nan [GetCTC.org](https://www.getctc.org).

IRS mande tout moun pou yo louvri je yo pou yo pa pran nan pyèj vòlè kap itilize peman sa yo kòm pèlen. Veye kriminel kap mande w—nan telefòn, nan imèl, nan mesaj tèks oswa nan medya sosyal—pou verifye enfòmasyon w pou ka resevwa peman Child Tax Credit yo davans.

IRS pa antre an kontak ak kontribyab yo pa imèl, ni pa mesaj tèks, oswa ni pa medya sosyal pou l mande enfòmasyon pèsonel oswa enfòmasyon finansyèl.

Kanta apèl telefonik, pa bliye ke IRS pa kite mesaj ki anrejistre davans, ni mesaj ijan ni mesaj kap fè menas. Paregzanp, si w resevwa yon mesaj vokal ki di ke yo pral lanse yon manda pou arete w, ou mèt konnen se pa IRS.